



Èske Tès Kansè Pwostat Ka Benefik Pou Ou?

Konnen risk ou genyen pou kansè pwostat ka ede w deside si fè tès (ke yo rele tou depistaj) se pi bon chwa pou ou.

Ki Posibilite Ou Genyen Pou w Fè Kansè Pwostat?

Tcheke chak kare ki aplike pou ou.


- Laj ou se 50 an oswa plis
- Ou se Afriken Ameriken
- Papa w oswa frè w te gen kansè pwostat anvan laj 65 an

Si ou tcheke **nepòt** nan kare yo, ou gen yon pi gwo posibilite pou fè kansè pwostat epi pale ak doktè w konsènan depistaj ka benefik pou ou.

Kisa Ou we Konnen Konsènan Depistaj?

	Yon tès san nesesè.	Youn nan fason pou fè depistaj kansè pwostat se yon tès antijèn pwostatik espesifik, oswa PSA. Menm jan yon tès A1C mezire nivo sik nan san w, se konsa yon tès PSA mezire konbyen pwoteyin PSA ki nan san w.
	Gen lòt tès ki disponib.	Lòt tès yo ka chèche kansè pwostat an kombinezon ak yon tès PSA, tankou yon egzamen rektal dijital oswa yon tès imajri glann pwostat la.
	Tès PSA a pa ka di avèk sètitid si ou gen kansè.	Tès yo ka sèlman jwenn endis sou posibilite ou genyen pou fè kansè pwostat. Pa egzanp, posibilite ou genyen pou w fè kansè pwostat ap ogmante lè nivo PSA w ogmante. Sepandan, si w gen yon nivo PSA ki wo, sa PA toujou vle di ou gen kansè pwostat.

Kisa k pral rive apre tès PSA?



Kijan Ou Ka Pran Desizyon an?

W ap deside si tès la bon pou ou.

Etap sa yo ka ede w pran yon desizyon pou fè tès la. Tcheke chak kare lè w konplete yon etap.

1. Aprann benefis ak limit tès kansè pwostat.

Benefis	Limit
<ul style="list-style-type: none">✓ Tès yo ka jwenn yon kansè pwostat bonè lè li piti.✓ Si yo jwenn li byen bonè, gen yon pi bon chans pou yo trete ak geri li.✓ Lè w fè tès la sa ba w lapè nan tèt.	<ul style="list-style-type: none">X Tès ka mennen a enkyetid sou rezulta yo.X Tès yo ka gen yon frè, dapre kouvèti asirans ou.X Tès yo ka dekouvrir yon kansè ki te ka pa tap janm bay pwoblèm oswa lakòz lanmò.X Tès ka mande tretman, ki ka gen efè segondè ak lòt konsekans pou konsidere.

2. Reflechi sou fason tès yo ak etap apre yo aliyen ak bezwen pèsonèl ou ak valè w yo. Kòmanse pa poze tèt ou kesyon sa a:

Nan ki pwen li enpòtan pou w konnen otan ke w kapab sou eta sante w osito ke posib?	<input type="checkbox"/>				
	1 = Pa ditou enpòtan	2 = Yon ti kras enpòtan	3 = Pa sèten	4 = Enpòtan	5 = Trè enpòtan

3. Pale ak doktè w—li vle tandem w epi ede w deside.

Poze kesyon tankou:

- Kisa ki kansè pwostat? Nan ki nivo li grav?
- Ki risk jeneral mwen genyen?
- Si mwen fè tès jodi a, nan konbyen tan mwen pral konnen rezulta yo?
- Èske tès la gen pri?
- Èske m ap bezwen yon randevou swivi apre tès la?

Sonje se chwa w pou w fè tès depistaj. Li enpòtan pou w fè tchèkòp regilye epi kontinye pale ak doktè w. Sa ap pèmèt doktè w kontinye kontwole sante w.

Sonje pataje nenpòt nouveau sentòm ak doktè w. Li enpòtan pou di doktè w sentòm tankou gen san nan pipi w oswa pwoblèm pou ale nan twalèt.



Vizite cancer.org pou aprann plis sou tès depistaj kansè pwostat.



cancer.org | 1.800.227.2345

©2024, American Cancer Society, Inc.

No. HAI082205 Rev. 12/24

Modèl yo utilize pou rezon ilístrasyon sèlman.